Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 41 (9952) 20 октябрь 2023 с. / Рузман 6 рабигIул ахир 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## «БахIарчилъиялъул» орденал хъизабахъе кьуна

Нижеца газеталъул цересел номеразда хъван букIана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъарал мустахIикълъарал шапакъатал районалъул бетIерас гьезул хъизабахъе кьеялъул хIакъалъулъ.

17 октябралда районалъул бетIер ХI. Мусаевас нилъер ракьцоял ТIагьир Къурбановги ХIусен Маликовги мустахIикълъарал *«БахIарчилъиялъул»* орденал гьезул хъизабахъе кьуна.

Цоги нухалда гIагарлъиялда зигараги бан, ХI. Мусаевас абуна: *«Нужер рекIел пашманлъи, нужее ккарал камиял тIадруссин гьечIеллъун ккола. ТIагьирицаги ХIусеницаги гIумру кьуна ВатIан, нилъ цIуниялъе ва гьел киданиги нилъеда кIочене гьечIо.*

*БахIарчиго гьел рагъараблъи бихьизабула жакъа нужехъе кьолел ВатIаналъул шапакъатаз. Нилъ киналго чIухIарал руго гьезул бахIарчилъиялдаса ва нижеца кинабго гьабизе буго гьел кIочонгутIиялъе»*, -ян.



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана военком Арсен МухIамадов, жамгIияб хIинкъи-гьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов ва районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдулмутIали ДжабрагIилов.

***«Салатавия» сеталъулаб издание***

## Аппараталъул данделъи тIобитIана

17 октябралда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана управлениябазулгун отделазул начальникал, учреждениябазе, организациябазе нухмалъулелгун жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана коммуниял хъулухъазухъ (ток, газ) налъи бецIиялъул учреждениябаздагун росабалъ бугеб ахIвал-хIалалда, росабазул администрациябаз ракьул участкабигун капиталиял объектал хIисабалде росиялда, ЦРБялда гIисинал лъималазда гьоркьор хвалил хIужаби дагьлъизариялда, руччабазегун лъималазе гьабулеб медицинаялъулаб кумек лъикIлъизабиялда, ЖКХялъул объектал хаслихълъиялдегун хаслиде хIадур гьариялда, районалъул администрациялъул подразделениябаздагун гьелъул ведомствоялде кколел учреждениябазда республикаялъулгун районалъул бутIрузул тIадкъаял тIураялда,хIалтIул гIадлу-низам цIуниялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьабурав архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас данделъиялъул гIахьалчагIазе баян кьуна учреждениябазда ва росабалъ токгун газихъ кьезе ккoлеб гIарцул налъи бецIиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьес абуна: *«Токихъ кьезе ккoлеб гIарцул налъи тIад бугеб кIиго учреждение гурони, районалда гьечIо. Газ хIалтIизабиялъул налъи цониги учреждениялда тIад гьечIо»*,-ян.

Гьес бицаралда хурхун, гьабураб тIасан кIалъаялда И. Шабазовас абуна: *«Гьарула, бюджеталъулъе ккoлел гIуцIабазда тIад бугеб налъиялъул лъикI халги гьабун, гьелъул информация дихъеги учреждениябазегун организациябазе нухмалъулезухъе щвезабе»*,-ян.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав муниципалияб буголъиялъул ва ракьулгунисел гьоркьорлъабазул отделалъул начальник Мансур Эмеевас гьениб бицана: *«РДялъул экономика, чIара-хьараб къагIидаялда, цебетIезабиялъе гIуцIараб оперативияб штабалъул данделъиялда лъикIаблъун бихьизабуна гIадамаз рукъзалгун ракьул участкаби жидедаго тIад хъваялъе гьабулеб хIалтIи цебе иналде районазе нухмалъулезда кIвар кьеян лъазабизе.*

*Жакъа къоялде районалда ругел ракьул 13500 участкабазул 8500 участок гурони, хъвай-хъваялде босун гьечIо. Капиталиял объектазул къадар районалда бахуна 9900-ялде, гьезул 2850 объект хъвай-хъваялдаги босун гьечIо»*,-ян. Хадуб М. Эмеевас бицана, жинцаго кьураб информациялда хурхун, районалъул росабалъ бугеб ахIвал-хIалалъул.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав ЦРБялъул бетIерав тохтур Рашид ГIамиевас бицана: *«Лъимал гьаризе хIадурал руччаби нижеца Хасавюрталда бугеб перинаталияб централде ритIула, щай абуни, гьенир гьезие хIажатал шартIал чIезарун руго. Ахирияб лъабго соналда районалда рижунел лъималазул къадар дагьлъана. 2020 соналда районалда 933 лъимер бижун букIун батани, 2023 соналъул 9 моцIалда жаниб 414 лъимер гурони, бижун гьечIо. Дагьлъана инвалидал-лъималазул къадарги, гьединго, гьаб соналъ гьарурал лъимал хвеялъул хIужабиги рукIинчIо»*,-ян.



Ункъабилеб суалалда тIасан кIалъайги гьениб ХI. ХIадаевас гьабуна.

Гьес бицаралда рекъон, газ, гьоркьобкъотIи гьечIого, чIезабиялда тIад гьаризе ккoлел хIалтIаби 100 проценталъ тIуразарун руго, амма ток чIезабиялъе гьаризесел ишазулъ гIезегIанал гIунгутIаби руго. Гьеб бичIчIинеги бегьула, щайгурелъул, газалде дандеккун, ток районалде бачIаралдаса гIезегIанал сонал ун руго. Гьелъ, 70 проценталде гIунтIун, ток чIезабиялъе хIажатаб къайи-цIа (трансформаторал, хIубал, кварал ва г ь. ц.) гIезегIанго басралъун буго ва гьеб цIи гьабиялда тIад гьабизе ккoлеб хIалтIи гIемераб буго.

ХIамзатица цифрабаздалъун данделъаразе баян кьуна гьеб суалалда сверухъ гьабураб хIалтIул. Гьединго, гьес гьениб бицана гIадамазе лъим букIинабиялда, нухал къачIаялда, гIемерквартиразулал минабахъ, батIи-батIиял гIуцIабазда хинлъи чIезабиялда сверухъ гьабураб хIалтIулги.

Гьес бицаралда тIасан кIалъаялда И. Шабазовас абуна: «*Ток чIезаби, нухал къачIай жидеда тIаде ккoлел гIуцIабазде хитIаб гьабе ругел гIунгутIаби тIагIинариялъе тадбирал гьареян ва тIубанго цIорой ккелалде гьел тIагIинарун рукIине ккoлилан лъазабе»*,-ян.

*Щуабилеб суалалда хурхараб кIалъаялда администрациялъул аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ абуна: «РДялъул бетIерасул тIадкъаял лъабгояб хутIизегIан тIуразарун руго, гьеб лъабабго тIубазабиялъе бихьизабун букIараб заман цIунун гьечIо. Районалъул бетIерасул тIадкъаязда гьоркьорги тIурачIел руго. Заманалда гьел тIурачIезда гIадлу-низам хвезабиялъул жаза (взыскание) тIад гьабизе буго»*,-ян.

Гьелъ бицаралда тIасан И. Шабазовас абуна: *«Кинал рукIаниги тIадкъаял кьола заманалда гьел тIуразаризелъун. Гьелъ, дица нужеда гьарулеб буго административияб тамихIалде нужго цIазе ниж тIамуге»*,-ян.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## Субботник тIобитIана

Нижеца газеталъул цересел номеразда хъван букIана, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъарал кIочене риччангутIи мурадалда ва «РакIалдечIеялъул ах» цIаралда гъоркь, «Горенжо» хIорихъ ах чIезе букIиналъул хIакъалъулъ. Ахие бакIал хIадуризе цIаралда, 16 октябралда гьениб субботник тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана батIи-батIиял гIуцIабаздаса хIалтIухъабибихьинал. Гьез бакIарана рищни-къул ва рухъана гъутIбузе гвендал. Гьаб моцIалъул ахиралда гьенир гъутIби чIезе байбихьизе буго.



РакIалде ккола гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъулъ, нилъер бахIарзал даималъ гьелъул ракIалда чIеялъулъ тIадехун рехсараб ах чIеялъ мустахIикъаб бакI ккелин.

***Ибрагьим Идрисов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Расул ХIамзатовги ХIамзалаевги
гъум. 3 Агроном Шарабудин Манапов
гъум. 4 Решение




# Расул ХIамзатовги ХIамзалаевги

ЧIахIияб гIелалда вихьунги рагIунги, гIисиназда тарихалдасаги лъала Расул ХIамзатов кинав чи вукIаравали. Халкъияв шагIир гIемер гIахьаллъулаан батIи-батIиял данделъабазда, гьев щвечIеб бакI нилъер доб заманалъул кIудияб улкаялда (СССР) букIун батиларо. РагIул устар, гIакъилаб каламалъул бетIергьанчи Расул, хасгьабун, ахIулаан районазул, шагьаразул гIадамалгун дандчIвазе. Гьев гIемерал къватIисел улкабаздеги щвана. Кивехун аниги, гIадамаз гьев рохалида къабулги гьавулаан.

КъватIирехун ккарал дагъистаниязда лъала *«Дагъистан», «Аварал»* абурал рагIаби лъаларел гIадамал гIемер дандчIвалелъи, амма Расул ХIамзатовасул цIар рехседал гьезда кинабго бичIчIунеблъи. Гьелъие гIемерал хIужаби рехсезе бегьула.

Районалъул гIадамазда лъалел ратила Ленинаул росулъги гьеб тун къватIирехунги яшав гьабун ругел ХIамзалаевал. Гьезул тухум гIезегIан кIудиябги гIадамазда гьоркьоб къимат бугебги буго.

Гьел рукIана араб гIасруялъул сонал. Цо къоялъ гIагарав чиясухъе щвезе Хасавюрталде арав дида гьенив ватана ригь арав, амма гIезегIан чорхолъ жан бугев чи. РетIа-къаялдасан, хьвада-чIвадиялдасан бичIчIунеб букIана гьев гIумрудул гIезегIанаб хIалбихьи бугев чи вукIин. ГIагарав чияс дида абуна: *«Лъай-хъвай гьабе, гьав вуго дир эбелалъул вацгIал ХIамзаласул Исуб»*,-ан. Хадуб нижер лъикIаб гьудуллъи ккана.

Гьоркьоб заман бахъилалде дида рагIана Исуб больницаялде ккун вугилан ва дун гьесухъе щвезе ана. Гьениб ккараб гара-чIвариялда Исубица абуна: *«Ниязбег, гIумру буго нилъеда хадур гъезе кIолареб ТIадегIанасул балъголъи. Дуда бихьула дир сонал кире щун ругелали. Нилъ хадусан дандчIвачIого рукIинеги бегьула. Бокьун буго дирго хIакъалъулъ дуе бицун тезе»,-ян.*

*Рагъ лъугIун хадусан дун къисматалъ Свердловскалде (гьанжесеб Екатеринбург) вачана. Гьений дица гIурус миллаталъул гIадан ячана ва дирго магIишат гIуцIизе лъугьана. Дун хIалтIана маххул нухазул, ралел бакIазул мастерлъун ва прораблъун. Дир яшавги цогидаздаса нахъе ккечIеб букIана. Вижана дие кIиго васги, амма гьезул гIумру къокъаб батана. ГIолохъанаб, гьанжего-гьанже яшав гьабизе лъугьунеб заманалда гьел гIумруялдаса ратIалъана. ГIемераб бихьана ва хIехьана. Амма дида киданиги кIочене гьечIо гьадинаб цо лъугьа-бахъин.*

*Цо къоялъ бакIалъул радиоялдасан лъазабуна шагьаралъул культураялъул КIалгIаялда Расул ХIамзатовасул творчествоялъулаб вечер тIобитIизе бугилан.*

*Узухъда, лъадигун цадахъ дун гьенивe ана. Гьениб гIодор чIезе бакI щолеб хIалцин гьечIоан. Расулида цадахъ артистазул къокъаги бачIун бугоан.*

*Расулил цевевахъин гIадамаз гъираялдаги халатбахъараб хъатчIваялдалъунги къабул гьабулеб букIана. Дица, Расулихъе ккезабеянги абун, гьитIинабго кагъат цебехун битIана. Заман иналде, цевеги вахъун, Расулица гьаб кагъат хъварав сценаялде вахайилан абуна. Ничалъ дун тIаде вахъинецин виччалев вукIинчIо, амма гьес гьеб кIиго-лъабго нухалда такрар гьабидал дун сценаялде вахана. Дандеги вачIун, гьес дун къвалакье вачана, залалда рукIаралщиназ, тIадеги рахъун, кутакаб хъатчIвай гьабуна.*

*Расулица дида абуна, кивехун кканиги, магIарулаcул рукъоб кьарияб гьанги, цIоросаролъил хинкIалги, бухараб ражиги рукIине кколилан ва жив къаси духъе гьоболлъухъ вачIине вугилан.*

*Эбел-инсуца битIун бачIараб ражи-пер, босараб кьарияб гьан дир рукъор рукIана, амма хинкIазе ханжу букIинчIо. Гьелъ дир цIакъ рахIатги хвезабун букIана.*

*Данделъи лъугIарабго Расул, цо гIолохъанчигун цадахъ, дир дове вилълъана. Гьес дир лъадиялъе сайгъаталги росун ругоан. Гьеб сордоялъ ниж рогьалилъ заман щвезегIан хабар-кIалалда, квана-гьекъолел рукIана.*

*Гьалбал кьижизеги ритIун, дица гьан тIамуна, амма ханждал ургъелалъ дие рахIат толеб букIинчIо. Дида лъалаан лъадул вац хIалтIулеб ашбазалда цIоросаролъил ханжу букIине бегьулеблъи, гьанал халалда йикIайилан лъадудаги абун, дун гьесухъе ана. Гьениб ханжу батана, гьеб лъие балагьулеб бугебали дица бициндал, гьев дида божичIо ва дунгун цадахъ вачIана.*

*Узухъда, дир лъадиялда хинкIал гьаризе лъалароан, гьелъие дицаго цо релълъенхъвай гьабуна. Гьел кинал рукIун ратаниги, Расулица хинкIал лъикI кванана.*

*Гьениб ккараб гара-чIвариялда, гьоркьор кочIол рагIабиги абулаго, Расулица дида ВатIан тарав магIарулавин абулаан. ГьитIинаб лъугьа- бахъинцин Расулида бихьулеб бугоан. Дир вас конькабазда хъещтIeзе ине хIадурлъулев вукIана. Расулида бихьана гьесул конькаби тIад рекъезарурал ботинкаби басралъун рукIин.*

*Гьес абуна: «Дида бихьула дур гьел басралъун рукIин, дица дуе Москваялде щвараб мехалъ цIиял ритIила»,-ян. Гьел ритIизе регIунищ Расул вукIуневан ккана дида, амма гьес ботинкаби ритIун рачIана. Квана-гьекъон лъугIараб заманалда Расулица нижеда абуна: «Нижер къотIи буго пуланаб ресторналда дандчIвай тIобитIизе, гьанже нилъ гьенире ине руго»,- ян.*

*ЛъикIаб хIухьбахъи гьениб гьабун хадусан, Расулица абуна: «Гьанже нижер къокъа Нижний Тагилалде ине ккола»,-ян. Нижеца гьел поездалъухъе щвезаруна. Къо-мех лъикI гьабизе заман щведал, Расулица дида абуна: «Дагъистаналде вачIараб заманалда дихъе щвезе вачIинчIони, дидаса гIайиб те»,-ян.*

*Дун кIигониги нухалда Дагъистаналде вачIараб заманалда Расулихъе щвезе ана, амма гьев Дагъистан тун къватIивехун анилан бицана. Ниж тIокIалъ дандчIвачIо.*

*Гьеб къокъаб заманалда букIараб дандчIваялда дида бичIчIана чIалгIен гьечIеб каламалъул бетIергьанчи Расул вукIин, кьураб рагIи гьес кколеб букIин, кигIанаб борхалъуде ваханиги, гьев гIадатав ва унго-унгояв магIарулавлъун кколевлъи»,-ян.*

Дирго рахъалъан абила, Расулго гIадин, Исубги вукIана гьудул-гьалмагъзаби, гьалбал хирияв инсан. Киве кканиги, гьес рехон течIо магIаруласулъ рукIине тIадал гIамалалги хьвада-чIвадиялъул хасияталги. Жакъа нилъгун гьечIо Расулги Исубги, амма биценалъе хутIана рикIкIадал Уралалъул мугIрузда бугеб ва тIадехун рехсараб шагьаралда ккараб кIудияв шагIирасулги гIадатияв алмахъасулги дандчIвай.

Аллагьас гьезул мунагьал чураги ва нилъее лъикIаб хъван батаги.

***Ниязбег Алмахъский, Хасавюрт шагьар***

# «Хъизаналъулаб команда» фестиваль тIобитIана

14 октябралда Дилим росдал «Юрт» участокалда бугеб туристазулаб гIурдаллъиялда тIобитIана, тIадехун рехсараб цIаралда гъоркь, фестиваль.

ТIолгороссиялъул лъималазулгун гIолилазул *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул бакIалда бугеб отделениялъул, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул, ЦТКНРалъул




ва лъайкьеялъул гIуцIабазул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб фестивалалда гIахьаллъана 20 хъизан ва 150 цIалдохъан.

Гьеб тадбир гIуцIаразул мурадлъун букIана *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъ гьарулел ишал лъазари ва тIиритIизари, хъизаналъул, гьелъ кьолеб тарбиялъул жамгIият цебетIезабиялъулъ лъолеб бутIа кIвар цIикIкIараб букIин бихьизабиги бичIчIинабиги.

Абизе бегьула гьеб къоялъ данделъиялда гIахьаллъарал хъизабаз гIолеб гIелалъе кинаб тарбия кьезе ккколебали мисалги цадахъ заман биччаялъ кьолеб пайдаги бихьизе гьабунин.

Хъизабазда, лъималазда гьоркьор гьенир, *«Ниж-цо кIудияб хъизан»* цIаралда гъоркь, тIоритIана батIи-батIиял къецалги (дженге, дартс, рекери, кIанцIей, торгIо рехи, квар цIай ва гь.ц.).

Узухъда, бергьенлъи босаразеги призалъулал бакIазде рачIаразеги гьенир грамотабиги ракIалдечIеялъул батIи-батIиял сайгъаталги кьуна.

Фестивалалъул ахиралда гьенир рикIкIана, ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби. Данделъиялъул гIахьалчагIазул ракIазе кIудияб асар гьабуна Руслан Имамирзаевасул, Дилим росдал гимназиялъул цIалдохъан Пари СайгидбатIаловалъул церерахъиназги.

Гьединго, гьенир тIоритIана *«Дир хъизан»* кечI рикIкIиналъулги, бищунго лъикI стол къачIаялъулги къецал.

Фестивалалъ гьелъул гIахьалчагIазул ракIазе кIочонареб асар гьабураблъи бичIчIунеб букIана гьединал тадбирал гIемер тIоритIизе ккол илан рахъ-рахъаздасан рагIунел гьаркьаздасанги умумузулги лъималазулги гьурмазда бихьулеб букIараб разилъиялъул кунчIиялдасанги.

***Наида Юсупова, «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул бакIалда бугеб отделениялъул председатель***

# ХIинкъигьечIолъи чIезаби мурадалда…

Дагьал церегIан къояз РУОялъул минаялъуб, *«Балугъалъиялде рахинчIезда гьоркьор балагьал лъугьа-бахъиназул профилактика»* цIаралда гъоркь, видеороликазул конкурс тIобитIана.

РУОялъулгун прокуратураялъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралда 9 школалдаса цIалдохъабазул 20 видеоролик гIахьаллъана.



Щуго номинациялда *«Гордухъан къватIире роpтиялъул хIасилалда, лъимал лъукъа- къотIиялъул профилактика», «Лъел объектазда лъимал гIумруялдаса ратIалъиялъул профилактика», «Лъималазда гьоркьоб наркомания тIибитIунгутIиялъул профилактика», «Лъимералъ, хадуб хал ккечIого, Интернет хIалтIизабиялъул профилактика», «Лъималазул гIахьаллъиялда, нухда ккoлел лъугьа-бахъиназул профилактика»* тIобитIараб гьеб конкурсалда бергьенлъи босана ХIалимат Ибрагьимовалъ (Дилим, гимназия 7 кл.), АхIмад Салмановас (Гертма, 9 кл.), ГIабдурахIман Чамаевас (лицей, 10 кл.) ва Фатима ХIажиевалъ (Дилим, гимназия, 8 кл.).

Призалъулал бакIал росарал гьенир кIодо гьаруна лъайкьеялъул управлениялъул грамотабаздалъун.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

*Инсан ва гIумру*

# Агроном Шарабудин Манапов

Инсан вижуна дунялалда гIумру тIамиялъе махщел кодобгун. Цо-цоязул гьеб цудунго тIатуна ва гьел гьелъие ритIухъаллъун даималъ рукIуна. Цогидаз, Аллагьасго кьураб махщелалъулги тIалаб гьабичIого, тIаса бищула рукъосез, гьудул-гьалмагъзабаз бихьизабураб яги цIикIкIун материалиял лъикIлъаби щолеб махщел.

Амма гьедин гьабиялъ живго чиясе, жамгIияталъе кьолеб пайда цIакъ мукъсанаб букIуна. Гьемерал мисалал рачине бегьула, тIаса бищараб махщелги тун, тIабигIаталъ кьуралде гIадамал тIад руссиналъул.

Нилъеда гьоркьор гIезегIанал гIадамал руго гIи-боцIи гIезабиялъе, ракьгун хIалтIуе гIумру кьурал, амма гIемеразда бичIчIуларо гьезул захIматалъ жидее хIажатал нигIматал чIезарулеллъи.

ГIумру ракьгун гьабулеб хIалтIуда бухьинабуразул цоявлъун кколин абизе бегьула Ленинаул росулъа Дагъистан АССРалъул мустахIикъав агроном Шарабудин Манапов.

Дунгун ккараб гара-чIвариялда гьес бицана: *«Дун гьавуна 1947 соналъ Ленинаул росулъ.Заман тIаде щварабго, ана росдал школалде ва 1966 соналъ гьеб лъугIизабуна.*

*1966-1969 соназ Советияб Армиялда хъулухъ гьабуна. Дуда лъала 1968 соналъ Варшаваялъул къотIи-къаялде гьоркьобе кколеб Социалистическияб Чехословакиялда восстание багъарараблъи. Дун гьеб къинабиялъулъги гIахьаллъана.*

*Нилъер заманалда хъизаналда тарбия кьеялде кIудияб кIвар кьолаан. ГьитIинаб къоялдаса байбихьун, эбел-инсуца лъимал захIматалде ругьун гьарулаан. Хъизаналда цониги чи вукIунароан кинаб букIаниги тIадкъай гьечIев. Жеги школалда вукIаго, дие цIакъ рокьулаан ботаникаялъул, биологиялъул ва химиялъул дарсал.*

*12 сон тIубаралдаса дун лъугьана цIалдохъабазул производственнияб бригадаялъулъе, дол соназ гьединаб гIуцIиги букIана. Гьеб бригадаялъ колхозалда, чIахIиязул нухмалъиялда, батIи-батIиял хурулал хIалтIаби гьарулаан. Гьелъ рес кьолаан ракьгун хIалтIи гьабиялде ругьунлъизе, захIматалъул къимат лъазе ва кинаб букIаниги махщел босизе, къокъгьабун абуни, букIинисеб жиндирго магIишаталъе къучI лъезе.*

*1969 соналъ рагъулаб хъулухъалдаса тIадвуссарав дун «ПМК-782» гIуцIиялде хIалтIизе лъугьана. РакIалъ дун цIалев вукIана росдал магIишаталде, гьелъ, 1974 соналъ дица гIагараб «Гьудуллъи» колхозалда агроном-овощеводлъун*



*хIалтIизе байбихьана. Нижер колхозалда хIалтIулел рукIана захIмат бокьулел, бажари бугел гIезегIанал специалистаги гьединалго мухъилал колхозникаги, гурребани, букIинароан нижер колхоз республикаялъул ХIурматалъул хъорщода, ритIуларoан гьел чанго нухалда ВДНХялъул выставкабазде ва мустахIикълъилароан СССРалъулгун ДАССРалъул орденалгун медалазе, ХIурматалъул грамотабигун Баркалаялъул кагътазе ва къиматал сайигъатазе.*

*Узухъда, колхозалъул экономикаялъул аслияв бутIабазул цоявлъун хурухъанлъи кколаан. Колхозалда бекьулеб ракьул къадар 1780 гектаралде бахунаан. 900-1000 гектаралда могъолал культураби рекьулаан, гьелдаго цадахъ, гIезарулаан пихъил (90-100га), цIолбол (25 га) ахал, 10-12 гаялда овощалги рекьулаан.*

*Бокьарав чиясда лъалеб батила тIаде босараб иш, рагIа-ракьанде щун, тIубазабиялъе гьелдехун рокьи букIин гIоларебльи. Гьедин букIиналъе хIажалъула лъайги.*

*Гьелъ, 1972 соналъ дун Дагъисталъул росдал магIишаталъул институталъул агрономическияб факультеталде лъугьана ва 1977 соналъ дица гьеб лъугIизабуна. Гьелдаса хадув дун колхозалъул бетIерав агрономлъун тIамуна ва 2005 соналде щвезегIан гьеб хъулухъалда вукIана»,-ян.*

ЧIахIияб гIелалда, гьай-гьай, лъала Ленинаул росдал колхозалъул кинал церетIеял рукIаралали. Гьенир байбихьулаан росдал магIишат цебетIезабиялъул цIияв къагIидаби тIоцере хIалтIизаризе, гьенире рачIунаан районалъул, республикаялъул ва цогидал бакIазул специалистал хIалбихьиял лъазаризе.

РакIчIун абизе кIола гIагараб росдал колхозалъул магIишат цебетIезабиялъулъ Шарабудиница кIудияб бутIа лъунилан. Гьев бетIерав агрономлъун хIалтIулеб заманалда колхозалъул экономика гIезегIанго щулалъана.

РакIбацIцIад, бажаризабун ва махщалида жинда тIадкъараб хIалтIи Шарабудиница гьабулеб букIараблъиялъе нугIлъи гьабула гьесие щварал«ДАССРалъул мустахIикъав агроном», «ЗахIматалъул ветеран» цIараз, СССРалъул ВДНХялъул гIарцулгун мазгарул медалаз, рикIкIен гIемерал дипломаз, ХIурматалъул грамотабаз, Баркалаялъул кагътаз ва цогидали шапакъатаз.

Гьаб заманалде кинаб бербалагьи дур бугебан цIехедал Шарабудиница абуна: *«СССРги биххун, демократиялъул началихъ гIуцIулебиланги абун, доб заманалъ улкаялъул бетIерлъуде рачIараз гьабураб нилъеда лъала, гьелъул нилъеца бицинаро. СССРалда цадахъго, рухъана халкъалъ гIемераб гIемI тIад тIурал фабрикал, заводал, росдал магIишатал ва цогидал гIуцIаби. Ижараялъе ракьал росарал гIадамазда ккана ракь хIалтIизабуни гIолин, гьелъие хасаб хъулухъ гьаби хIажалъуларин. Гьез агрономазул хъулухъ жидее хIажат гьечIинцин абулаан. Пезабулеб тIощалилъе батIи-саранчаял унтаби лъугьараб, загьруяб чIахI-къул баккараб заманалда гьезда бичIчIана иш кибе кколеб бугебали.*

*Гьемер рикIкIадегIан ваккичIого, гьелъие дица цо мисал бачина. Гьал соназ гIемеразул кIалдиб буго гIадамазеги тIощалиеги загьруяблъун кколеб «Амброзия» абураб чIахIалъул хIакъалъулъ бицен.*

*Гьеб тIагIинабиялда тIад хIалтIулел рукIаниги, гьелъул хIасил кколеб гьечIо. Нилъер заманалда гьелъул хIакъалъулъ биценго букIунароан. Цоги, саранча (гарцI) щибалицин нилъер гIелалда лъаларoан, гьаб заманалда гьелъ гIезегIанал ракьазда бекьараб хвезабулеб буго.*

*Щай гьедин бугеб? Кколеб къагIидаялда ракьалъе хъулухъ гьабуларого. Ракьгун хIалтIулезе гьениса кIвараб хайир бачIинабизе хIажат буго ва букIинеселда тIад гьел щибниги ургъулел гьечIо.*

*Гьаб заман квешаб гьечIоан. Нужедаго бажарулеб пишаялъулъе лъугьине рес бугоян абураб цо-цоязда бичIчIунеб буго бокьа-бокьараб гьабизе бегьулеблъун.*

*ГIадлу-низам чучлъиялъ нилъер гIадамал цIана квешал ишал гьариялъулъе, гIемерго цIикIкIана чIвай-хъвеялъул, рищватчилъиялъул, яхI-намус гьечIого, хъвадиялъул хIужаби. Гьарзалъана ванил нигIматазул, ретIел-хьиталъул батIи-батIиял тайпаби, амма гьезул цIикIкIунисел рихьизарулел руго инсанасул чорхое зарал кьолеллъун, гьелъухъ балагьулев чиги гьечIо. Къокъ гьабун абуни, демократиялда цадахъ гьанире рачIана БакътIерхъул улкабазда цере гIадаталлъун лъугьарал ва нилъер гIадамал тIад релъанхъулел рукIарал хьвада-чIвадиялъул къагIидаби (терроризм, наркомания, экстремизм ва гь.ц.).*

*Гьаб заманалда лъикIаб рахъалде хиса-басиял ккезе бегьулин абизе дида кIоларо, амма гьел ккеялда божи букIуна.*

*Аллагьас лъикIаб хъван батагиярни абун чIани гурони, гьеб киналъулго бициналъ пайда кьелин дида кколаро»,-ян.*

Шарабудиницаги лъади Вазипатицаги цо васги цо ясги гIезаруна ва гьел жиде-жидер магIишатазда руго.

# «Байрахъалда ритIун чIей» конкурс

РакIалдаса унаро , ниж школалда цIалулеб заманалда рагъулаб хъулухъалде хIадурулел дарсал (НВП) кьолелги гьелда хурхарал батIи- батIиял хIаял тIоритIулел рукIараблъиги. Гьел хIаязулъ бищунго кIвар цIикIкIараблъун ТIолгосоюзалъулаб *"Зарница"* хIай рикIкIунаан. Гьелъул бутIаби, районалдаса байбихьун ва республикаялде гIунтIун, тIоритIулаан. Гьел хIаязул хIасилал гьари *"Артек"* пионеразулаб лагералда тIоритIулаан. Гьениб бергьенлъи босиги цIакъго къиматаблъун рикIкIунаан.

17 октябралда, тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, Дилим росдал лицеялда тIобитIана республикаялъул даражаялда лъазабураб цIалдохъабазул байрахъазул группабазул хал гьабиялъул районалъулаб этап.



Конкурс лъазабиялъул мурадлъун букIана гIолеб гIел социалияб жигарчилъиялде цIай, гьелъул ВатIаналде, халкъалде рокьи бижинабиялъе квербакъи, гьел цIуниялде гIолилал хIадур гьари.

Байрахъалъул группаялъулъ рукIине кколаан командир, байрахъулав ва кIиго ассистент. Гьезда тIадаблъун букIана кIиго упражнение бихьизабизе: байрахъ цебе бахъиги гьеб гIодобе къулизабиги. Байрахъулас гьеб рахъ-рахъалде хьвагIизабулелъул группаялъ эркенго бутIрул къулизе ккolaан.

Киналго рахъазул хал гьабун хадуб, тIоцебесеб бакIалде бачIана лицеялъул команда, кIиабилеб бакI босана Гуни росдал гимназиялъул командаялъ ва лъабабилеб бакIалъе ИчкIа росдал гьоркьохъеб школалъул команда мустахIикълъана.

Призалъулал бакIал росарал командаби гьенир лъайкьеялъул управлениялъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна.

Полохъанал армейцазул церерахъиназдаса балагьарал рази хутIана.

# Рагъулаб хъулухъалде тIоритIана

Россиялъул президент В. В. Путинил Указалда рекъон, гьаб соналъул 1 октябралдаса 31 декабралде щвезегIан улкаялда тIобитIулеб буго хаслихъе гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул кампания.

18 октябралда ЦТКНРалда тIобитIана армиялде ахIарал гIолохъаби нухда тIоритIиялъул рохалилаб данделъи.



Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцалов, рагъулав комиссар Арсен МухIамадов, харабазул Советалъулгун ЖамгIияб палатаялъул председателал Сайрудин НургIалиев ва ХIажи Адимирзаев, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов, «Чапар» газеталъул бетIерав редактор Икрамудин Салимханов, культураялъул отделалъул начальник Абубакар Ибрагьимов ва рагъулаб хъулухъалде унезул гIага-божарал.

Армиялде унезда гьабураб нухбитIиялъул кIалъаялда Б. Нуцаловас , районалъул бетIер ХI.Мусаевасул рахъалдасан,лъикIал малъа-хъваял гьаруна ва абуна: *«Жакъа нуж унел руго ВатIан цIунулезул мухъилъе лъугьине. Дица нуж ахIула ВатIаналда цебе рагъулаб налъи ракIбацIцIад тIубазабиялде.Киданиги кIочене биччаге нуж Дагъистаналъул ва Салатавиялъул васал рукIин. Нужер хьвада-чIвадиялъухъ балагьун кьола киналъего къимат»,-ан.*

Гьенир кIалъарал А. МухIамадовас, ХI. Адимирзаевас, Х. МухIамадхIабибовас абуна нижер мурад бугин нуж киналго, ракIбацIцIад рагъулаб хъулухъги тIубазабун, сах-саламатго, тIадруссин.

Данделъаразда цее музыкалияб номералгун Дилим росдал гимназиялъул цIалдохъан Пари СайгидбатIалова яхъана.

**Гъумер хIадур гьабуна Ибрагьим Идрисовас**

# ОМВД ИНФОРМИРУЕТ...




## ГРАФИК

**отчетов перед населением участковых уполномоченных полиции отдела МВД России по Казбековскому району о проделанной работе за 2023 год**

| № участкового пункта | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ФИО участкового уполномоченного полиции | Дата проведения отчета | Время проведения отчета | Место проведения отчета | Ответственный от руководства территориального органа МВД России |
| Админ. участок № 1 УУП Узайриев М.И. | 06.11.2023 г. | 16:00 ч. | с. Дылым, сельский «Дом культуры» | ЗИП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 2 УУП Саидов Р.Т. | 06.11.2023 г. | 16:00 ч. | с. Дылым, сельский «Дом культуры» | ЗИП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 3 УУП Саидов Р.Т. | 06.11.2023 г. | 16:00 ч. | с. Дылым, сельский «Дом культуры» | ЗИП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 4 УУП Гереев З.А. | 09.11.2023 г. | 17:00 ч. | с. Буртунай, сельский «Дом культуры» | ЗИП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 5 Старший УУП Магомедханов Н. А. | 20.11.2023 г. | 17:00 ч. | с. Ленинаул, сельский «Дом культуры» | ЗИП по ООП Гусейнов С.Ю. |

## Решение

16 октябрь 2023 г. №32

***«О проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования»***

В соответствии с пунктом 19 главы 3 Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования *«село Гертма» утвержденного решением Собрания депутатов сельского поселения от 29.05.2017г. № 6/07 (далее - Положение), Собрание депутатов сельского поселения».*

**РЕШИЛО:**

1. Объявить конкурс по отбору кандидатов на замещение должности главы муниципального образования «село Гертма».

2. Установить дату проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования *«село Гертма»* 14 ноября 2023 года.

Конкурс провести в здании администрации сельского поселения *«село Гертма»*

Время начала конкурса - 10:00 ч.

3. Конкурс проводится в соответствии с условиями (прилагается), определенными Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гертма».

4. Определить срок приема документов для участия в конкурсе с 20.10.2023г. по 10.11. 2023 года.

5. Определить место приема документов здание администрации сельского поселения *«село Гертма»* в рабочие дни с 08:00 до 17:00.

6. Назначить следующих членов конкурсной комиссии (половина состава):

1) Абдулатипов Абдула Абдулатипович

2) Магомедов Шамиль Абдурашидович

7. Направить настоящее решение главе муниципального района для назначения второй половины состава конкурсной комиссии.

8. Настоящее решение опубликовать в районной газете *«Чапар»* и разместить на официальном сайте поселения в сети Интернет.

***Председатель Собрания депутатов МО "село Гертма" Абдулатипов А. А.***

***С полным текстом о Порядке избрания главы муниципального образования "село Гертма" можно ознакомиться на официальном сайте МО "село Гертма".***

*Ниж-наркотиказде данде*

## «Спорт-наркотиказде данде» акция

13 октябралда М.-ш. Гlазаевасул спортшколалда, тlадехун рехсараб цlаралда гъоркь, акция тlобитlана. Районалъул администрациялъул, лъайкьеялъул управлениялъул ва спортшколалъул дирекциялъул хlаракаталдалъун тlобитlараб гьеб тадбиралда гlахьаллъана Дагъистаналъул хlукуматалда цебе гlуцlараб наркоманиялде дандекъеркьеялъул комиссиялъул член Асият Хlамзатова, районалъул администрациялъул бетlерасул жамгlияб хlинкъигьечlолъи чlезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцалов. ОМВДялъул наркотикал тlиритlизариялдагун хlалтlизариялда хадуб халкквеялъе гlуцlараб управлениялъул вакил Сагlид Меджидов, районцоязда гуревги лъикl лъалев Мусашайих Гlазаев, имамзабазул Советалъул председатель Мухlамадрасул Мухlамадгъазиев, РДялъул муфтияталъул рухlияб лъайкьеялъул отделалъул вакил Гlали Султанов, спортшколалъул тренерал ва спортсменал.

Нилъеда лъала, кигlан жидеда данде къеркьеялъул законал къвакlизарулел ругониги, наркотикал тlиритlизарулезулги гьел хlалтlизарулезулги къадар дагьлъулеб




гьечlеблъи. Наркотикал тlоритlизарулезда цlакъ лъикl лъала гьелъ жидее цlикlкlараб хайир кьолеблъиги гьелда гьоркьобе гlолеб гlел цlазе бигьа букlунеблъиги. Гьедин букlиналъ наркотикал тlоритlизарулез хlаракат бахъула, заманалъухъ балагьичlого, гьел тlиритlизаризе ва гьеб хlалтlизариялъулъе цlикlкlараб къадар гlадамазул цlазе. Цоги, нилъеда лъала, къойидаса- къойиде, батlи-батlиял сунтlулел, бухlулел, гьекъолел ва цогидалги къагlидабазда хlалтlизарулел жалазул къадар цlилъулеб букlинги.

Узухъда, гьедин букlиналъ нилъ ахlула гьоркьобкъотlи гьечlеб къеркьей наркоманиялде данде гьабизе. Гьеб рахъалде районалъул администрациялъ, наркотикал тlиритlизариялдегун гьел хlалтlизариялде данде къеркьей жидеда тlаде кколел гlуцlабаз кlудияб кlварги кьолеб буго.

Терроризмалде, экстремизмалде ва наркоманиялде данде гьарулел киналниги тадбирал районалъул массовияб информациялъул алатаз къватlире кьолелги руго.

Гьай-гьай, рехсараб акциялда гlахьаллъаразги гlолилазе бицана щиб наркомания кколебали,гьелъ гьел хlалтlизарулезе,гьезул сахлъиялъе,хъизабазе, тlолабго жамгlияталъе кьолеб заралалъул, гьез инсанасул чорхолъа гlаданлъиялъул киналниги рахъал рахъулеблъиялъул ва къокъаб заманалда гlумруялдаса ратlа гьарулеблъиялъул. Хасаб тlадчlей кlалъазе рахъараз гlолилаб ригьалъулал наркотиказ хехго росулеблъиялда гьабуна. Гьезул кlалъаяздаса бичlчlунеб букlана гlолеб черх наркотиказде къокъаб заманалда ругьунлъулеблъиги гьездаса инкар гьабизе гьелъие захlматаблъун букlунеблъиги.

Ракlалде ккола гьеб акция спортшколалъул гlолилазе наркоманиялде данде тlоритlулел пайда цlикlкlарал дарсазул цояблъун букlанин.

***Насрула Алиукъаев***

## Объявление

Утерянный аттестат В №2176439 об основном общем образовании, выданный Дылымской гимназией в 2006 году на имя Агабековой Марьям Раиповны, считать недействительным.

Лъайкьеялъул управлениялъул, М.-ш. Гlазаевасул спортшколалъул хlалтlухъабаз ва гьудул-гьалмагъзабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Сулайман Хlажиевасда ва гlага-божаразда, эбел

**Асият**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Алжаналъул агьлулъун гьаеги гьей.

**БетIерав редактор:**
И.Б. Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева
ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**